



KIDCARE KONNECTION

Bilten enfòmasyon KidCare Connection

Winter 2013

NAN PIBLIKASYON SA A...

- Eskize nou poutèt pousyè ki genyen an
- Sezon Grip
- Fanmi Healthy Kids ki fè peman konplè
- Bay Elèv yo Asistans
- Èske li lè pou renouvle

ESKIZE NOU POUTÈT POUSYÈ KI GENYEN AN...

Mèsi dèske wap pran pasyans avèk nou pandan nap renove zòn nou an!

Nap remèsye tout kòt fanmi Florida KidCare ak

Florida Healthy Kids dèske nou te pran pasyans avèk nou mwa pase pandan nou tap mete teknoloji nou an ajou. Nou rekonèt faz “an konstriksyon” sa a te koze kèk enkonvenyan bò kote pa nou. Reyaksyon ekstrawòdinè fanmi nou yo te manifeste te demontre pasyans nou, konpreyansyon nou, ak kolaborasyon nou. Kounye a, ou kapab gade enfòmasyon sou kont ou ak peman yo sou entènèt la, san pwoblèm. Sepandan, nou vle fè w sonje nou tande tout sa w di nou e nou kontan anpil dèske ou la avèk nou—alòs, tanpri, piga ezite kontakte Florida KidCare nan 1-800-821-5437 pou nenpòt ki kesyon ou ka genyen konsènan kont ou.



TIMOUN FÈT POU GEN ASIRANS!



BANNOU PI BON FRAP OU GENYEN AN

Sètadi, frap vaksen kont grip la!

Avèk sezon grip la kap rive byen vit, nou vle fè w sonje pou w fè pitit ou yo pran vaksen. Selon Sant Kontwòl ak Prevansyon Maladi (Centers for Disease Control and Prevention, CDC),

nenpòt moun ki gen omwen sis mwa daj dwe pran vaksen pou pwoteje yo piplis kont grip la. Sezon epidemi grip la ka kòmanse depi nan mwa doktòb epi l vin gaye piplis nan mwa janvyè oswa apresa. Vaksen kont grip la pwoteje pitit ou kont viris grip la pandan tout yon ane antyè. Li enpòtan pou reyaji kounye a paske vaksen an pran de (2) semèn pou l bay ranman. Pitit ou a ka resevwa vaksen kont grip la swa atravè yon zegwi oswa atravè yon espres nan nen ki pap gen gwo efè segondè. Pou lokalize yon sant ki bay vaksen kont grip ki toupre w, klike sou Lokalizatè Vaksen sa a: <http://vaccine.healthmap.org/>. Èske wap enkyete w poutèt konbyen vaksen kont grip la ap koute? Pa bliye Florida KidCare kouvri vaksasyon! Nou byen konnen ou vle pou pitit ou yo ka jwi vakans yo genyen pandan peryòd fèt yo—san okenn grip. Avèk Florida KidCare, pitit ou yo ka rete ansante e ak kè kontan pandan peryòd fèt yo—pi bèl kado yo ka janm resevwa!





ÈSKE W SE YON FANMI HEALTHY KIDS KI FÈ PEMAN KONPLÈ?


Avi! Pral gen chanjman ki pral fèt ke nou ta renmen w konnen

Èske aktyèlman ou se yon fanmi Florida Healthy Kids ki gen opsyon peman konplè (full pay) a? Isit la nan Florida Healthy Kids, kalite se yon bagay ki enpòtan anpil pou nou, kidonk nou toujou angaje nou pou nou kenbe estanda ki pi elve yo pou fanmi nou yo. Akòz pri swen sante kap monte yo, Florida Healthy Kids pral ogmante lejèman pri prim peman konplè (full pay) li yo. Apatide 1ye novanm 2013 pou asirans kap kouvri mwa desanm 2013 la, men pri yo pral koute:

Opsyon peman konplè (full pay) avèk asirans dantè: \$148 (yon ogmantasyon \$7 sou \$141)

Opsyon peman konplè (full pay) san asirans dantè: \$135 (yon ogmantasyon \$7 sou 128)

Nap di w mèsì pou konpreyansyon w pandan nap fè efò pou nou bay asirans ki gen pi bon kalite ke posib la!



BAY ELÈV YO ASISTANS

Bous detid pou timoun lekòl ak timoun ki nan mezon dakèy oswa ki sanzabri ki nan jadendanfan jouk rive nan klas 12zyèm ane.

Gen plizyè fanmi ki jiskaprezan pa konnen opsyon sa a egziste, men Florida gen pi gwo pwogram bous detid sou kredi enpo nan tout peyi a, kap bay fanmi ki pa gen anpil revni abilite pou yo chwazi lekòl ki reponn pi byen a bezwen pitit yo. Step Up for Students se yon òganizasyon ki pap travay pou pwofi e ki administre Bous Detid sou Kredi Enpo nan Florida (Florida Tax Credit Scholarship) pou timoun ki nan kay ki pa gen anpil revni e ki nan klas jadendanfanm jouk rive nan klas 12zyèm ane. Se Lejislati Florida ki te kreye pwogram bous detid la an 2001, e se gwo konpayi ki resevwa kredi enpo dola pou dola poutèt kontribisyon yo, ki finanse pwogram sa a. Depi 2002, yo akòde plis pase 330.000 bous

detid bay elèv nan Florida ki nan kay ki pa gen anpil revni e ki nan klas jadendanfan jouk rive nan klas 12zyèm ane, ansanm avèk apeprè 60.000 bous detid yo prevwa yo pral itilize pou ane akademik 2013-14 la.

Fanmi yo gen de (2) opsyon pou bous detid yo ka chwazi:

- Yon bous detid ki ede peye ekolaj ak frè pou lekòl prive, ki vo jiska \$4.880 pou ane akademik 2013-14 la.
- Yon bous detid pou ede avèk depans pou transpòtasyon pou ale nan yon lekòl piblik ki nan yon lòt konte, ki vo jiska \$500.

Kounye a nap prepare pou ane akademik 2014-15 la. Bous detid la gen direktiv espesyal tou pou timoun ki nan mezon dakèy oswa pou timoun ki sanzabri. Si w bezwen plis enfòmasyon sou aplikasyon pou ane akademik 2014-15 la, tanpri ale sou sit entènèt la nan www.StepUpForStudents.org.

ÈSKE LI LÈ POU RENOUVLE? NOU LA POU OU AVÈK YON ETAP ANMWENS!

Renouvele satisfaksyon w avèk Florida KidCare grasa pwosesis byen senp sa a!

Nou fè renouvèlman Florida KidCare vin pi fasil toujou!
Lè peryòd renouvèlman w lan pre rive, wap resevwa
yon lèt kap konfime prim mansyèl ou a, e se sèlman si w
panse montan prim nan pa kòrèk pou soumèt dokiman
yo. Sonje pou w kontinye peye prim mansyèl ou yo le 1ye
nan chak mwa pou kouvèti asirans pwochen mwa a!

Konbyen kòb asirans Florida
KidCare ka fè w ekonomize?
Gade la a pou wè kijan trankilite
despri se yon bagay ki gen valè!

VALÈ ASIRANS SANTE

Gen plizyè fanmi ki peye sèlman **\$15 oswa \$20 pa mwa** pou asirans Florida
KidCare, men pifò fanmi yo pa peye anyen ditou. Gen opsyon pou peman
konplè ki disponib tou pou fanmi ki pa kalifye pou asirans sibvansyone.

		Avèk asirans FKC*	San Asirans*
Preskripsyon antibyotik <small>Doxycycline hyclate or 30-day supply</small>		\$5	\$410
Plat pou bra		\$5	\$163
Transpòtasyon nan anbilans		\$10	\$2,000
Amidal oswa Apendisit <small>2 days in hospital</small>		\$5	\$1,087
Radyografi pwatrin		Gratis	\$44

*MediKids, Medicaid and CMS do not charge copays **Source: Healthcare Blue Book

Florida KidCare

P.O. Box 980
Tallahassee, Florida 32302-0980

Liy enfòmasyon Florida KidCare:
1-888-540-5437

Sèvis Kliyan Florida KidCare:
1-800-821-5437

www.floridaKidcare.org

NONPROFIT ORG.
U.S. POSTAGE
PAID
TALLAHASSEE, FL
PERMIT NO. 801

KIDCARE KONNECTION

se yon bilten enfòmasyon gratis Florida Healthy Kids
Corp. pwodui chak trimès.

OU KA SWIV NOU SOU SIT SOSYAL YO!

Florida Healthy Kids, yon patnè Florida KidCare,
sou Facebook, Twitter, YouTube, epi li gen yon
blòg! Swiv nou pou konn dènye enfòmasyon sou
lasante ak konsèy sou kouman pou rete ansante:

www.twitter.com/flhealthykids

www.facebook.com/flhealthykids

www.flhealthykids.wordpress.com

www.youtube.com/floridahealthykids

